



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Nan kèk èdtan apre gouvènman federal la te pibliye memo yo ki te menase pou redwi 3 bilyon dola nan finansman federal la, plizyè milyon Nouyòkè te ekspriye krent yo ke mezi san parèy sa a ta retire swen sante yo, prive ajans fòs lòd lokal yo finansman, bloke reparasyon wout ak pon yo ak plis ankò.

"Gouvènman federal la te angaje lajan sa a nan Nouyòk — yo dwe respekte pwomès yo. Pou rezon sa a, m ap travay avèk Pwokirè Jeneral Letitia James sou nouvo litij pou asire ke yo ap distribye fon sa yo nan Nouyòk jan yo te pwomèt la, epi jan lalwa egzije sa. Epi pandan n ap kite pwosesis jidisyè a dewoule, lidè Repibliken Nouyòk yo nan Kongrè a dwe fè entèvansyon epi sèvi ak enfliyans yo pou pwoteje eta nou an, pèp nou an, ak finansman federal nou an.

"Mwen te toujou koyeran: Mwen pral travay ak nenpòt moun ki nan nenpòt pati ki vle kolabore pou fè Nouyòk vin pi abòdab ak pi an sekirite. Men, nou p ap janm ezite goumen pou moun nan eta sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)